



FLORIDA IMMIGRANT  
ADVOCACY CENTER

# TPS LA PASE POU AYISYEN! KISA'W BEZWEN KONNEN POU'W APLIKE:

**ATANSYON: Pa jete lajan'w!** Kòb gouvènman-an mande pou'w aplike pou TPS la se \$470 pou moun ki gen 14 jouka 65 an, \$50 pou timoun ki ponkò 14 zan, epi \$130 pou moun ki gen 66 zan oswa pi plis. FIAC ak lòt òganizasyon legal ki gen anpil respè pap chaje'w lajan pou yo ede'w aplike. **Veye zo'w ak raketè ki pap sèlman pran lajan'w men tou ki kapab lakòz depòtasyon'w.** Yap òganize klinik TPS kote wap ka jwenn konsèy ak asistanws legal GRATIS.



**KISA TPS AYISYEN-AN YE?** Benefis Pwoteksyon Tanporè (TPS) se yon benefis tanporè espesyal imigrasyon bay pou Ayisyen kap viv nan peyi Etazini depi 12 Janvie 2010 oswa ki te la anvan sa. **Genyen yon peryòd 6 mwa pou'w anrejistre, men'w dwe aplike anvan 19 Jiyè 2010.** Si yo apwouve'w ou kapab rete epi travay legalman nan peyi Etazini pandan peryòd 18 mwa TPS la.



**SE PA TOUT MOUN KI ELIJIB POU TPS.** Pwoteje tèt ou epi tou chache bon konsèy legal anvan'w aplike. Si'w gen konviksyon kriminel- menm si se yon ti krim piti- oswa si yo te arete'w, chache bon konsèy legal anvan'w aplike. Ou kapab pa elijib pou TPS epi tou TPS ka lakòz depòtasyon'w. Ale nan yon klinik TPS pou'w ka jwenn bon konsèy ak asistans legal gratis.

## KIMOUN KI KA EDE'M APLIKE POU TPS AYISYEN-AN?

**Rele 305-573-1106 epi peze 1250** pou w' ka chache konnen kilè kap gen klinik TPS kote'w ka jwenn asistans legal GRATIS pou'w ka aplike. Klinik pou bay sèvis legal GRATIS sa yo, se Florida Immigrant Advocacy Center (FIAC), Catholic Charities Legal Services (CCLS), ak kèk lòt bon jan òganizasyon ki bay sèvis gratis.



## KISA'M DWE FÈ KOUNYE-A?

Kounye-a ou dwe rasanble tout dokiman ou bezwen ki moutre ou elijib pou TPS la. Pou'w aplike pou TPS wap bezwen:

- Frè aplikasyon-an ki se \$470 pou chak moun ki gen 14 jouka 65 an, \$50 pou timoun ki ponkò gen 14 zan, epi \$130 pou granmoun ki gen plis pase 66 zan. Si'w pa ka peye frè aplikasyon-an, gen posiblite pou yo retire frè sa-a pou ou.
  - Pwèv ou se yon sitwayen ayisyen (batistè, paspò, sètifika batèm)
  - Pwèv ou tap viv nan peyi Etazini anvan oswa depi 12 Janvie 2010, epi wap kontinye viv Ozetazini (resi lwaye, bil limyè, bil dlo, bil telefòn, dosye travay oswa yon lèt ki soti nan men bòs travay ou, dosye medikal, dosye lekòl, resi money odè, elatrye.)

